



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 17 fevriye 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM TRAVAY “WORK FOR SUCCESS” POU MOUN KI TE NAN PRIZON

Pwogram nan Pral Ogmante Preparasyon pou Jwenn Djòb, epitou li Pral Amelyore Rezilta Travay pou Anpil Milye Nouyòkè

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kreyasyon “Work for Success,” yon pwogram travay ki la pou diminye gwo to chomaj pami anpil milye Nouyòkè ki retounen lakay yo apre yo fin pase tan nan prizon. Pwogram Work for Success ap devlope yon apwòch detaye nan eta a pou ogmante preparasyon pou djòb, epitou l ap amelyore rezilta travay pou moun ki te nan prizon. Pwogram sa a ap nan avantaj tout Nouyòkè yo lè li kreye plis sitwayen k ap peye taks ak respekte lalwa, sa k ap fè lari yo gen plis sekirite, epitou sa k ap bay jarèt pou tout ekonomi eta a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Anpil ak yon pakèt moun sòti nan prizon Eta New York chak ane, epi paske yo p ap travay, pifò ladan yo nan pi gwo risk pou retounen nan prizon. Pwogram ‘Work for Success’ ap redui povrete ak chomaj pou kèk nan sitwayen eta nou an ki pi difisil pou jwenn travay, pandan l ap amelyore sekirite piblik, epitou pandan l ap amelyore kondisyon ekonomik yo pou fanmi ak kominote kote yo retounen an.”

Pwogram Work for Success Gouvènè Cuomo ap rezoud pwoblèm travay moun ki sòti nan prizon epi ki nan pi gwo risk pou fè move zak ankò. Nan pwochen ane, pwogram Work for Success pral:

- Evalye pwogram travay ki la kounye a pou moun ki sòti nan prizon yo, epitou l ap fè rechèch ki baze sou prèv epi ki oryante sou aksyon pou idantifye ki estrateji ki pi efikas
- Ankouraje devlopman konpetans enpòtan pou jwenn djòb nan pwogram koreksyonèl
- Amonize pwogram konpetans pwofesyonèl avèk chemen espesyal pou gen konpetans ak posiblite pou jwenn travay sou mache travay New York
- Ede konekte yon fason efikas Nouyòkè ki sòti nan prizon avèk sèvis apwopriye pou jwenn travay
- Devlope kapasite òganizasyon kominotè lokal yo pou satisfè sèl bezwen moun ki gen kondanasyon kriminèl

Pwogram Work for Success pral anba kontwòl desidè politik, reprezantan ajans gouvènman, ak pratisyen toupatou nan peyi a ki gen espètiz nan sèvis travay pou moun ki sòti nan prizon. Nan Komite Egzekitif pou pwogram Work for Success, prezidan an ap Mindy Tarlow, Direktè Egzekitif ak Direktè Jeneral Center for Employment Opportunities (CEO), yon founisè non-komèsyal ki ofri sèvis detaye pou jwenn travay sèlman pou moun ki gen dosye kriminèl. CEO a ap ankouraje pratik ki baze sou prèv kote y ap baze pwogram Work for Success. Yon dènye etid sosyete rechèch MDRC pibliye te jwenn modèl travay CEO a pou moun ki fèk sòti nan prizon te pèmèt gen 22 pousan diminisyon nan kondanasyon yo.

Manm Komite Egzekitif la ap gen ladan manm Biwo Gouvènè a , ak reprezantan òganizasyon ki anba la yo:

- Brooklyn Treatment Alternative to Crime
- Buffalo Urban League
- Center for Alternative Sentencing and Employment Services
- Center for Community Alternatives
- Council of State Governments Justice Center
- The Doe Fund
- F•E•G•S Health and Human Services System
- Fortune Society
- Greenhope Services for Women
- Hour Children
- Legal Action Center
- National Skills Coalition
- Osborne Association
- Prisoner Reentry Institute at John Jay College of Criminal Justice
- STRIVE
- Urban Institute

Senatè Eta New York, Michael Nozzolio, Prezidan Komite Viktim Krim, krim ak Koreksyon Sena a, di konsa, “Anpil Nouyòkè ki retounen lakay yo apre yo fin pase tan nan prizon gen yon pwoblèm toutbon pou jwenn yon djòb. Alòske sitiyasyon ekonomik lan difisil pou tout Nouyòkè yo, moun yo te kondane kòm kriminèl anvan gen yon menm moman pi difisil pou jwenn djòb. Mwen bat bravo Gouvènè Cuomo poutèt li kreye pwogram ‘Work for Success’ li pou ede popilasyon sa a ki nan plis nesosite a pou rebati lavi yo, epitou pou yo ka vin manm ki efikas epi k ap bay patisipasyon yo nan eta nou an.”

Manm Asanble Eta New York, Herman “Denny” Farrell, Jr., Prezidan Komite sou Posiblite ak Mwayen, di konsa, “Gwo kantite moun ki p ap travay pami Nouyòkè ki sòti nan prizon pa nan avantaj tout moun ki nan eta nou an, pa pou sèlman moun ki gen dosye kriminèl yo. Sa a se yon afè serye ki p ap rezoud nan yon rapò alekri y ap senpleman mete nan tiwa. Pwogram ‘Work for Success’ ofri mwayen efikas pou jwenn travay pou rezoud pwoblèm sa a. Nan apwòch sa a, New York kapab fè bon jan pwogrè nan ede

sitwayen ki sòti nan prizon yo re-antrè nan sosyete a nan yon fason ki nan avantaj tout eta a. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li fè pwogram tounèf sa a vin yon priyorite.”

Manm Asanble Eta New York, Jeffrion Aubry, Prezidan Komite Pwovizwa Asanble pou Koreksyon, di konsa, “Pou kapab fè eta nou an retounen sou chemen pwosperite, nou dwe konsidere bezwen tout Nouyòkè yo. Pwogram ‘Work for Success’ Gouvènè Cuomo an fè sa lè li travay yon fason dinamik pou batay kont sik chomaj la pou Nouyòkè ki sòti nan prizon yo. Mwen fyè pou travay avèk Gouvènè a pou asire pwogram sa a se yon siksè pou nou ede moun sa yo ki nan bezwen, epitou pou bay avantaj pou ekonomi eta nou an.”

Direktè Egzekitif ak Direktè Jeneral (CEO) Center for Employment Opportunities (CEO), Mindy Tarlow, di konsa, “N ap fè efò pou nou patisipe nan pwogram sa a nan yon moman enpòtan konsa. Li enpòtan pou nou asire moun ki retounen lakay yo apre yo fin pase tan nan prizon resevwa sèvis kòrèk pou yo jwenn travay nan bon moman an pou ede yo jwenn fanmi yo ak kominote yo avèk siksè. Nou di Gouvènè Cuomo mèsè pou kalite dirijan li, epitou nou pa ka tann pou egzekitif pwogram li a pou ede tout Nouyòkè yo.”

Direktè ak Prezidan Legal Action Center, Paul Samuels, di konsa, “Nou fyè pou travay sou yon zouti enpòtan konsa pou bati anpil kominote ki fò. Lè nou ede Nouyòkè ansyen prizonye ki retounen lakay yo vin gen yon lavi efikas, n ap bay avantaj pou tout manm kominote eta nou an. Pwogram ‘Work for Success’ Gouvènè Cuomo ta itil nan nenpòt sikonstans, men nan sityasyon ekonomik jodi a, apwòch sa a enpòtan pou sante kominote nou yo ak pou fòs ekonomi nou an.”

Prezidan ak Direktè Jeneral Fortune Society, Inc., JoAnne Page, di konsa, “Depi plis pase 45 ane n ap ofri sèvis re-ensèsyon pou anpil ak yon pakèt gason ak fanmi chak ane, Fortune Society konnen, san yon travay legal, ansyen prizonye yo gen anpil chans pou yo retounen nan prizon. Avèk ‘Work for Success’, nou kapab ede moun sa yo lè nou ofri yo sèvis ki nesèsè pou yo jwenn travay, pou amelyore preparasyon yo pou jwenn travay, epitou pou ede yo jwenn posiblite ki apwopriye pou travay. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsè pou kalite dirijan li, epitou poutèt li fè yon pwogram enpòtan konsa vin yon reyalyte nan Eta New York.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418